*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№14 (6585) * 2021 с. * 12 апреля * 29 шагIбан * 1442 с. * итни *

*райадминистрациялда*

## РОХЬАЛ ЦIАЯЗДАСА ЦIУНИЗЕЛЪУН



**1 апрелалда районалъул бетIер М. ТIагьировас районалъул администрациялда тIобитIана росабазул бутIруз, районалъул бетIерасул заместитель М. ГIабдулкаримовас, районазда гьоркьосеб цIаяздаса цIуниялъул отделалъул нухмалъулев Н. ГIумаровас гIахьаллъи гьабураб хIалтIулаб данделъи.**

Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабулеб букIана цIаялдасан рохьал ва рохьазда аскIоб бакI цIуниялъул суал. Гьениб данделъи рагьулаго районалъул бетIерас рехсей гьабуна дагьаб цебегIан къояз росабазул гIадамазул, цIаял свинабулезул кумекалдалъун МагIлиб ва ИпутIа росдада гьоркьоб ккараб цIа къокъабго заманалда жаниб свинабизе кIвеялъул.

Районалъул росабазул гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи цIикIкIине гьабизе ккеялде кIвар буссинабуна.

Районазда гьоркьосеб цIаяздаса цIуниялъул отделениялъул нухмалъулев Н. ГIумаровас баян кьуна ихдалил хIалтIабазде журараб мехалда цIа ккеялъул хIужаби цIакьго цIикIкIуна, гьединлъидал хIажат буго цIаяздаса цIуниялъул мурадалда гьарулел тадбирал цIикIкIине гьаризе. Рохьазда кколел цIаяздаса цIуниялъул мурадалда лъикIаблъун рикIкIана рузманалда районалъул росабалъ диниял церехъабазги гьабулеб вагIзабазда гьеб рахъалде кIвар буссинабуни.

Районалъул бетIер М. ТIагьировас тIадкъай кьуна киналго районалъул росабалъ автотранспортги бухьинабурал 8-10 чияздасан гIуцIарал къокъаби гьаризе хехаб къагIидаялда цIа ккараб бакIазде щолеб ва цIа свинабизе кумек гьабулеб.

**Суратазда**: ДандчIваялда.



# МархIаба Шагьру - Рамазан

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб хирияб рамазан моцI.

Хирияв аварагасул хIадисалда буго рамазан моцIалъ алжаналъул нуцIби рагьун рукIунин абун. Гьединлъидал щивав чияс хIаракат бахъизе ккела алжаналде рачунел гIамалал гьаризе, гIибадат цIикIкIинабизе. Гьаб хирияб моцIалъ нилъеда тIадаб буго цохIо кIал кквезе гуреб-ги, гьелдаго цадахъ хIажат гьечIебщиналдаса, чияе зарал-зиян гьабиялдаса рикIкIад чIезеги. Жакъа нилъеда аскIор гIемер руго нилъер кумекалде ккарал. Гьединазе кумек гьабиги буго БетIергьанасда цебе нилъеда тIадаб налъи. Хасго гьаб хирияб моцIалъ гьединазе садакъа гьабизе БетIергьанас нилъее къуватги, сахлъиги, таваккалги кьеги. Аллагьас квербакъаги лъикIабщинаб гьабизе, хирияб моцIалъул хIурматги гьабун гьездаса пайда босизе. БетIергьанасе гьабулеб гIибадат цIикIкIинабизе, къуръан цIализе ва гIагарал – божарал рази гьаризе. Амин.



**РЕДАКЦИЯ**

## *Уважаемые жители Гергебильского района!*

**Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан объявляет прием заявок для участия в проекте «Местные инициативы».**
**Администрация МР «Гергебильский район» намерена участвовать в конкурсном отборе.**

Целью реализации на территории Республики Дагестан проектов местных инициатив является поддержка органов местного самоуправления и населения в решении наиболее актуальных проблем. Проекты от администраций муниципальных образований должны быть направлены на развитие общественной инфраструктуры, в том числе объектов благоустройства, культуры, жилищно-коммунального хозяйства, водоснабжения, водоотведения, детских и спортивных площадок, объектов туризма и прочих мероприятий.

Одними из основных условий участия в конкурсном отборе проектов местных инициатив, является обеспечение софинансирования проекта из бюджета муниципального образования и за счет средств меценатов. Для участия в конкурсном отборе будут приниматься заявки не только от муниципальных районов и городских округов, но и от сельских (городских) поселений республики.

Уважаемые жители Гергебильского района, просим вас принять активное участие в формировании «портфеля местных инициатив», направив ваши предложения по развитию общественной инфраструктуры муниципального района. На основе ваших предложений формируется «портфель инициатив», который даст нам возможность определить проекты, более отвечающие пожеланиям граждан.

**Способы направления гражданами предложений о приоритетных проектах развития населенных пунктов муниципального образования:**

1.На электронную почту Администрации МР «Гергебильский район» - mogergebil@yandex.ru

2. Непосредственно в Администрацию МР «Гергебильский район» по адресу с. Гергебиль, Гергебильского района РД, ул. Наиба Идриса, д. 7, 1 этаж, экономический отдел.

3. По почте 368250, республика Дагестан, Гергебильский район, село Гергебиль, улица Наиба Идриса, д. 7

4. В виде предложений в комментариях на странице instagram по адресу – amogergebil.

# БАЦІЦІАДАБ ЛЪИМ БУКІИНЕЛЪУН

**Жакъа къоялда дунялалдаго цебе чІараб масъалабазул цояб ккола гІадамал бацІцІадаб гьекъолеб лъедалъун хьезари. Районалъул централдаги гьеб бегІерго цере чІарал масъалабазул цояб ккола. ГьализабичІого лъим роспотребнадзоралъ гьекъезецин гьукъула.**



Районалъул росаби бацІцІадаб гьекъолеб лъедалъун хьезариялъул мурадалда Хъвартихьуниб, Курмиб, Хьаргаби ва КІикІуниб росабалъе лъим бачиналъул мурадалда республикаялъул программаялда рекъон гьеб рагІалде бахъинабизелъун 156 млн. гъурущ харж гьабулеб буго. Гьелдаги гІей гьабичІого районалъул бетІер М. ТІагьировас рагІи кьун букІана 2-3 скважинаби Хьаргаби росулъ рорлъизе. ТІоцебесеб скважина къварилъухъ жаниб борлъана ва гьениса къватІибе насосги лъун чвахизабуна. Гьеб росдал администрациялъ рес бугеб щинаб бакІазде бачине хІисабалде босун буго.

КІиабилеб скважина борлъулеб буго тІад гІурикІкІанда авалалда. 5 апрелалде гьениб борлъун бугоан 100 ялдаса цІикІкІараб метра гъварилъиялъул. ХІисабалде босун



буго 150 – 160 метра гъварилъуде борлъизе. Гьединго лъим жанибе бакІарулеб хІавуз гьабизе буго бищунго борхатаб бакІалда. Гьенисан рахъ – рахъалде бикьизе гьабизеги. Гьелъ рес кьезе буго бищунго хехго гІун бачІунеб бугеб, амма лъедалъун хьезаби цІакъ къадарго бугеб гьитІи – бикъинаб росугІанасеб авал бацІцІадаб гьекъолеб лъедалъун хьезабизе.

**Суратазда:**
Скважинаби тІад гІурикІкІанда ва къварилъухъ.

*спорт*

# Волейболалъул къецазда




**4 апрелалда Курмиб росдал школа – интерначалъул спортивияб кІалгІаялда «Молодежь Гергебильского района» общественнияб гІуцІиялъул ва районалъул администрациялъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул жигаралдалъун тІобитІана районалъул бихьиназда гьоркьоб волейбол хІаялъул рахъалъ районалъул чемпионат.**

Къецал тІоритІулел рукІана «крапалъул береталъул» бетІергьан МухІамад Першиловасул ва ДАССРалъ 100 сон тІубаялъул хІурматалда.

Къецазда гІахьаллъи гьабизе рачІун рукІана 11 команда, гьезда гьоркьоб районалъул жанисел ишазул ва «БагІараб кьо» КППялда ругел Россиялъул регионаздаса ритІун рачІаралги. Къецал цІакъ хІалуцарал къагІидаялда ана. Гьелъул хІасилалда тІоцебесеб бакІ ккуна КІикІуниб росдал командаялъ, кІиабилеб бакІ - районалъул жанисел ишазул командаялъ, лъабабилеб бакІ – Хъвартихьуниб росдал командаялъ. Бергьенлъи босараб ва призалъулал бакІазде рачІарал командабазе кьуна дипломал, кубокал ва гІарцулал сайгъатал.

**Сураталда:** Бергьенлъи босараб команда

# ПОЖАРНАЯ БЕЗОПАСНОСТЬ В ВЕСЕННИЙ ПЕРИОД

**Весна считается самым пожароопасным сезоном, когда только сошёл снег, осталась прошлогодняя сухая трава, а зелёная ещё не выросла. В этот период пожар может возникнуть из-за любой оплошности, из-за брошенного непотушенного окурка, из-за битого стекла, нагретого солнцем, из-за специального выжигания сухой травы и бесконтрольного сжигания мусора при уборке территории!**

Население нашего района вместе с семьями и друзьями выезжают на природу на пикники. Вместе с тем каждый выезд на природу не обходится без разведения костров. Но многие из тех кто разводят костры, не учитывают места разведения костров, а также многие после того как уезжают домой после отдыха оставляют не затушенными костры. С наступлением весны жители района выходят на свои поля для проведения сельскохозяйственных посевных работ, при этом многие из них сжигают мусор вокруг огородов, траву прошлогоднюю и т.д. Кроме того выводится скотина на пастбища после зимы, пастухи когда пасут скотину в холодную погоду также разводят костры, которые часто остаются без присмотра.

В результате всех вышеуказанных действий, происходят пожары, в результате которых сгорают травяные луга, лесопосадки, кустарники и леса. Тем самым окружающей природной среде наносится огромный ущерб. Восстановление зеленного фонда происходит крайне медленно.

Что бы искоренить подобные факты в нашем районе, нам всем необходимо ответственней относится к нашим поступкам и действиям. Необходимо каждому ребёнку дома и в школе объяснить, что в весеннее время при разведении костров на полях и в лесах необходимо соблюдать правила пожарной безопасности, что бы не произошёл пожар.

**Чтобы не допустить пожара, необходимо соблюдать меры предосторожности:**

убирая территорию, не сжигайте мусор вблизи строений, расстояние между строениями и сжигаемым мусором должно быть не менее 50 м, сжигая мусор необходимо следить за горением до полного прекращения огня. В сухую и ветреную погоду сжигать мусор запрещается законом;

не поджигайте сухую траву, она очень быстро горит, а раздуваемый ветром огонь быстро распространяется и может перекинуться на близлежащие деревья и строения, вы не сможете быстро ликвидировать загорание;

не загромождайте проезды и противопожарные разрывы между зданиями строительными и другими горючими материалами, это воспрепятствует проезду пожарной техники.

Так же было бы разумно, когда закончится отопительный сезон, если каждый домовладелец лишний раз посмотрит как у него обстоят дела с прокладкой дымохода печи, есть ли противопожарная разделка трубы дымохода печи. Если нет, то необходимо за лето, до начала нового отопительного сезона устранить все имеющиеся нарушения правил пожарной безопасности.

В частных домах мусор, который невозможно как-либо использовать, следует собрать в контейнер и увезти на специально оборудованную мусорную площадку, а около дома на весь весенний и летний период необходимо обеспечить наличие первичных средств тушения пожара (бочка с водой объёмом не менее 200 литров, ведро, ящик с песком, лопаты и багры).

Если около вашего дома горит мусор или сухая трава, попробуйте потушить огонь самостоятельно, забив его ветками, засыпав землёй, залив водой.

При обнаружении возгорания немедленно сообщите в пожарную охрану по телефону «101» или «112», точно назвав адрес места происшествия.

**Уважаемые граждане отделение надзорной деятельности ОНД и ПР №16 по Гергебильскому, Гунибскому и Чародинскому районам убедительно просит строго соблюдать правила пожарной безопасности в весенний период.**

**К. АБДУРАЗАКОВ**
**Инспектор ОНД и ПР №16**

*Тарихалъул тІанчал*

# «АбухІнабе» лъим бахъи





**1870 сон. ГІемераб заман инчІо халат бахъараб, магІарул росабазда магІирукъ камуларел рагъал лъугІаралдаса. ЛъугІана рагъде бихьинал ахІулел чапарзабазул гьаркьалги. ТІаде щвана вакъарасул ургъел гьабулареб, загІипав хІакъирлъараб заман. Росабалъ гІемер рукІана рагъазда гІажизлъарал бихьинал. Киса-кибего букІана ракъи. ГІорцІизегІан богІоллъи кваназе щолеб хъизан къанагІат гурони букІинчІо. Кибго мискинлъиялъ кверщел гьабун буго. КъанагІат гурони вихьуларо росулъ рукъи тІад гьечІеб сугърал ва бозил ретІел, ретІарав чи. Гьоркьан ретІулеб ретІел, яги тІад балеб юргъан кинаб букІунебали лъалев чи магІарухъ нагагьги вукІинчІо. КІкІуйдулъ босараб цохІо рокъор рукІунаан гІисиналги чІахІиялги. Цо-цо азбаралъуб 6-7 ратІа риччарал хъизаназ гІумру гьабулеб букІана.**

Гьанжего гьанже цІияб росуги гІуцІун бетІербахъиялда бугеб хьергебдерил жамагІаталда цебе чІун букІана - кІиго суал: кин къвизабилеб мискинлъи ва ракъи? Киб гІуцІизе бугеб цІиял хъизаназ магІишат ва кисан гьезие кьезе бугеб ракьул бутІа? Рокъобги годекІабахъги, херазги ва гІолилазги бицунеб жо цохІо букІана. ЗахІматаб гІумруялъ бихьизабулеб букІана цо нух: цебегоялдаса анищлъун букІараб «АбухІнабе» лъим бахъи.

## КІУДИЯВ ХІУСЕН

БетІерлъи гьабизе хІажалъула жамагІаталдаги лъалев, жамагІатги лъалев, иш бажарулев бетІер. Хьергебдерил росдал жамагІаталъе гьединав бетІерлъун ккана росдал наиб, кІудияв ХІусен. КъарахъаМухІамадтІагьирица Шамилил заманаялъул хІакъалъулъ хъвараб тІехьалда кьун буго гьединаб баян: «ХІажимурад разилъана пачаясе мутІигІлъарал ракьазде гьабулеб чабхъеналъе бетІерлъи гьабизе. Гьалмагълъун жиндаго цадахъ гьес вачана Хьаргабиса ХІусен».

КІудияв ХІусен вукІун вуго кІудияб къаркьалаялъул, къуват бугев, кидаго росдал ахІуда цеве вукІунев чи. АхІийин абуни доб заманалда гІемераб кколеб букІун буго: росдал рехьед ва гІи цІогьабаз хъамун, яги мегІер кваназе гІиял рехьаби риччан ва гь. ц. КІудияб букІун буго гьесул наслуги (8 вас, 1 яс), гьес жамагІаталъе гІуцІараб ишги.

## ГІАНДАЛАЗУЛ НАИБ ЗАКАРИ

Бицен гьабулеб заманалда Хьергебдерил росу унаан гІандалазул наиблъияяде гьоркьобе. Гьенив наиблъун вукІун вуго 60 соналдасаги тІаде гІумру арав къуватаб черхалъул кІвахІ лъаларев, гьабулеб иш рагІалде бахъин мурадалда хъачІлъиялдасаги, рахІму гьечІолъиялдасаги нахъе къаларев, ХІусенгун цадахъ имамасул заманалъул рагъухъан, захІматаб хІалтІи билъунареб мехалъ живго цеве вилъун хІалтІи гьабулев Закари. Гьесул хъачІлъиялъул жеги росабалъ бицен лъугІун гьечІо.

## БАЙБИХЬИ

АбухІна майданалде лъим бахъизе Хьергебдерил жамагІаталъ тІалаб гьабулеб букІана Шамилил заманалъ - 1850 соназдаго. Гьоркьияб майданалде лъим бахъизе мурадалда гІарацги бакІарун, магІал чІван рахъ битІизабизе Шурагьиса гьелъул иш лъалев чи вачун вукІун вуго ва хІалтІиги байбихьун букІун буго. Гьелъул лъалкІ гьабсагІатги батІа бахъизе лъала. Амма гьабураб хІалтІи тІатІала ккун буго. Хадубги Аксаялдаса вачун вуго Хасай абурав чи ва гьесухъаги бажарун гьечІо. 1870 абилел соназда тІатІалаго лъабго сон букІун буго бакъ бухІараб ва гьединлъидал жамагІаталъ нахъеги тІалаб гьабун буго рахъ бахъизе.

1871 соналъ гІурусазул пача вачІине кколаан Дагъистаналде. Гъунибе бахъулеб букІана шагьранух. ГІандалазул наиб Закари гІемерав вачІунев вукІун вуго Хьаргабивеги, КІикІунивеги, Гъунисан Хунзахъе ва сулдерил почталдасан Хьаргабибехун бахъулеб шагьра нухазде хІалтІизе гІадамал ритІиялъул округалъул хІакимасул амруги босун. Гьединал суалазда тІасан, гьалбал рукІаниги кидаго дагІба кколеб букІун буго жамагІаталъе бигьалъаби тІалаб гьарулаго ХІусенилги Закарилги. Гьаб нухалдаги росдае лъикІаб хабар босун наиб вачІунареблъи лъалел росдал херал ХІусенил рукъоре рачІун руго щиб-кинали баян лъазе.

Хьергебдерил ахІвал – хІал лъалев наибасда бичІчІун буго нух бахъиялда гІахьаллъи гьабизе жамагІаталъул рес гьечІеблъи. Гьес хІукму гьабуна «АбухІна» майданалде лъим бахъизе кумек гьабизе. Гьединлъидал гьеб сордоялъ росдал хераз ургъел дандбан хІукму гьабун буго хІалтІуде байбихьизе.

АбухІнабе лъин бахъизе хІажатаб тІагІел босизе бакІарана 100 тумен гІарац (3 гьурущ куйдул багьа бугеб заман букІана). Рахъ бахъизе бутІаби кьуна щивав балугълъиялде вахарав чиясе можороги бахъун. Росдал наибасе кумекалъе рихьизаруна а в а - лалъул чагІи.

Гьеб хІалтІи рагІалде бахъине бокьарав Закарица тІаде босун буго магІал чІван рахъ битІизабизе кидаго нухал рахъулаго цадахъ хІалтІулев вукІарав гІурусав Алексей вачине, газа-рахан, маххул хІосал ва кьуру кьвагьизе тІагІел босизе шагьаралде чагІи ритІизе. 1871 соналда херд бецулеб заман тІаде щвезегІан, хІалтІуде байбихьун буго.

Бицен гьабичІониги баянаб жо буго, ракъараб ва бихьинал, дагьаб заманалда гьеб кІудияб хІалтІи рагІалде бахъине ккани гІадлуги щула гьабичІого, доб заманалда ругьунлъараб хъачІлъиги ккечІого тІубазе рес букІинчІеблъи. Гьединлъидал батизе ккола, гьев зулмучи наиб чІвазейилан гьоркьчІел гьабун букІараб цо тухумалъул гІадамаз. Закарица хІехьезе кІолареб захІматаб зулмуйищ гьезие гьабун букІараб, яги гІадамазул анищ тІубазе ХІусеница гьабулеб букІараб кумекищ гьезие рекІее гІоларого букІараб лъазе захІмат буго, амма гІемерал бакІазда бицен буго гьеб кьабун лъарав росдал наиб ХІусеница КІудияб мажгиталда аскІоб букІараб бихьиназул данделъиялда абурал гьал рагІабазул:

- Ле, жамагІат! КигІан хехго цо-цо тухумалъул бутІрузде ракІалдаса араб ракъараб хасалил заманалда солдатазул гьакалги ритІун Закарица ГІанжиялдаса росулъеги рехун, рес гьечІел хъизаназе ролъ бикьараб заман. МагІарухъ кинав ватаниги гьобол чІвалеб гІадат букІинчІо. Нилъер гьанибищ гьединаб гІадат баккизе бугеб? Цо-цо тухумалъул бутІрузда лъан букІа гьеб пикру рагІалде бахъинегІан нужер цониги тІагъур лъурав чи нахъе вукІине гьечІеблъи. Те, росуцоял, питна. Гьединги дагь ругин нилъер росулъ бихьинал. ЛъикІлъиялъе ургъарасе лъикІлъи гьабе.

## РОХЕЛ

1879 соналъул риидалил ахирияб моцІ. Щибаб хъизан хІисаб гьабун можоро рехун кьураб 6 сахІ хьалеб бутІаялда - гІетІалъ ва гьарзаяб лъеца лъалъараб ракьалъ гІун бачІунеб букІана чуги чиги жанив цинкІулеб цо хІубиялда лъаб-лъаб хІокІ тІад бугеб цІоросаролъ. Разиго буго жамагІат жинцаго гьабураб кІудияб хІалтІиялдаса.

Боркьараб риидалил къо. ЖамагІат бакІарун буго «АбухІна» майданалде. Цояб рахъалда буго бижараб рохь гІадин борхатаб цІоросаролъ. Гьелъул хьолбодасан чвалчвалиялда чвахун унеб буго инсанасул захІматалъ квегъареб гІурул лъим. БакІбакІалда чІахІиял хьагалги лъун квен-тІехалда тІад руго руччаби. ТІомолъго бежараб кІудияб оцол къулагІиялда сверун гІодор чІун руго росдал херал ХІусен, Закари, ГІумардибир. ТІаде вахъун ХІусеница рохалилаб данделъи рагьулаго киназдаго рагІулеб хІалалда абуна: «ЖамагІат! Нилъер росулъ умумузул заманалдаса нахъего гІадат букІинчІо росу тун къватІиса чиясе ракьул бутІа кьолеб. Гьеб гІадат нилъеца мискинлъиялъ цІунун букІана. Жакъа нилъер хІурматиял херазул хІукмуялда рекъон, гьеб гІадатги хвезабун, кьолеб буго Закарие цо хъизаналъе кколеб ракьул бутІа» - ян.

Гьаб дуе ва дур наслуялъе букІине ккола, - янги абун, росдацаго хІурмат гьабун цІар рехсолев херазул кІудияс – ГІумардибирас, гьесухъе оцол бохалдаса гьанал кесекги чедги кьуна. Закарица гьабураб кумекги бичІчІун ва гьеб хІукмуялда рази рукІин загьир гьабуна тІадеги рахъун росдал бихьиназ.

Гьеб рохалилаб къоялъ рижун ратизе ккола байбихьи ва ахир жеги лъаларел гьал кочІол рагІаби:

**Гьаб мискинаб росу**
**Ресалдехун бачарав**
**Закарил тухумалъул**
**Чи гІемерал лъугьаги.**

«АбухІнабе» лъим бахъаралдаса хьергебдерил щибаб хъизаналъул 3- 4 соналъе гІураб цІоросаролъул нахърател камичІо. Щибаб анкьида жаниб 50 ялдаса цІикІкІун къали цІоросаролъул къватІибе бичун кьолеб букІун буго. ЦІоралъул гІодоблъиялде бетІербахъиялъе магІарулал унел рукІарал гІадин, сверун ругел росабалъа дагь-дагь ккун гІадамал рачІун, росу хехго кІодолъун буго.

**Гьаб макъала хъван букІана**
**50 соназ Хьаргаби школалда**
**тарихалъул учительлъун**
**хІалтІарав жиндир**
**мунагьал чураяв**
**Гъази ДАВУДОВАС.**

# КIАЛ ККВЕЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

**«Я, гьал иман лъурал гIадамал, нужеда кIал кквей фариззаяблъун гьабун буго, нужеда церехун рукIарал умматазе mlад гьабун букIараб гIадин».**

**Ай, Адам аварагасдаса (гIалайгьи салам) бахъарабго, киналго аварагзабазул умматалда тIад лъун букIана кIал кквей. Нуж гIасилъаби гьаризе Аллагьасукьа хIинкъизе, щай абуни,- кIал кквеялъ шагьватал рекизарула, нахъ чIвазарула. Аварагас (гIалайгьи салам) абун буго, гIолохъанаб гIелалдехун хитIаб гьабун:**

**«Я, гIолохъанаб агьлу, щив чи вугониги, чIужу ячине хIал кIолевлъун, нужеца чIужу ячейила, гьелъулъ нужер берал цIуни бугила, чияр руччабазде балагьиялдасан, нужер гIавратал цIуниги бугила зина- хатIаялдасан. Щив чи вугониги жиндир хъизан гьабизе, чIужу ячине хIал кIоларев, унтиялдалъун бугониги, рес гьечIолъиялдалъун бугониги, гьев чияс кIал кквеялда mlад чIей гьабейила, гьеб кIал кквей бугила гьелда данде рагъ гьаби, ай шагьваталде данде рагъ гьаби»,- абун.**

Щив чи вугониги, нужеда гъорлъа унтун, ай кIал кквезе хIал кIолареб хIалалъ унтун, кIал кквейгун цадахъ гьеб унти цIикIкIун захIмалъулеб бугони, яги хIалалаб сапаралда вугони жибгун, ай сапаргун цадахъ кIал кквезеги захIмалъани, гьеб сабаблъун жиндица кIалги биххани, цогидал къояз хисун кквей, ай бецIун кквеян абулеб буго нилъеда нилъер ТIадегIанав Аллагьас.

Цинги нилъеда лъазе ккола кIал кквей бугеблъи нилъее цебе босизе бералдаги бихьулареб, гIиналдаги рагIулареб, лъиданиги жиб ккун букIинги лъалареб, гIицIго Аллагьасдаги живго кIал ккурав чиясдаги гурони. Гьеб кIал ккола Аллагьасдаги нилъедаги гьоркьохъеб. Гьеб букIиналъ Аллагьас **(жалла жалалагьу)** гьеб гIунтIизабуна жиндидего, ва абуна:

**«КIал кквей буго хасс гьабун Дие гIололъун лагъас гьабулеб гIибадат, Дица гьесие гьельухь жазаъги гьабизе буго»,** -абун.

Абу ХIасаница гьеб: **«Дицаго кьела кIал ккурав чиясе кири»,-** абураб рагIабазул магIна гьабун буго, гьелъул кири кколила Алжан, гьеб кколила Къиямасеб къоялъ лагъ Аллагьасдаги Аллагь лагъасдаги кIалъай, гьоркьов я авараг, я цоги щивго чиги гьечIого.

**«Багьжатул анвар»** абураб тIехьалда хъвалеб буго кIал кквеялъул мурад бугила Аллагьасул тушман (щайтIан) къей. ЩайтIаналъул нух буго шагьваталда хадуб хьвади, гьелъ малъараб гьаби. Гьел шагьваталги къуватлъула гIемер кванан-гьекъон хьвадиялдалъун, кIал кквеялъул хIасил лъикIаб кколаро, щай гурелъул кIал кквеялъул мурад буго бакъизабиялдалъун нилъерго черх гIодобегIан гьаби, гъелдалъун шагьватал къей, щайтIан къей.

Аллагьас тIоцебесеб иргаялда гIакълу бижана ва гьелда абуна гьанибехуи буссайилан, гьеб мутIигIлъун буссана, цинги нахъ бусса, мугъ рехунин абуна, гьеб мехалъги мутIигIлъана.

ЦингигьикъанилаАллагьасгIакълуялда, мун щиб кколеб ва Дун щив абун, гIакълуялъ абунила, дун Дур загIипав лагъ вуго Мун дир БетIергьан вуго абун. ТIадегIанав БетIергьанас абунила гIакълуялда, Жинца дунялалда щибго жо дудаса тIадегIанаб бижичIин абун. Цинги Аллагьас бижанила нафс, инсан ва абунила гьелда, жиндехун буссаян абун, гьелъ жаваб гьабичIила. Гьеб мехалъ БетIергьанас гьикъанила,- мун щив. Дун щив абун. Гьеб мехалъ нафсалъ жаваб гьабунила мун- мун вуго, дун- дун буго,- абун. Цинги БетIергьанас гIакъуба гьабунила нафсалъе нусго соналъ бакъизабиялдалъун. Гьелдаса хадуб гьикъанила БетIергьанас нафсалда, мун щиб Дун щив абун, гьеб мехалъ нафсалъ жаваб гьабунила: **«Мун дир БетIергьан вуго, дун Дуца бижараб Дур лагъ буго»**,- абун. Гьеб мехалъ Аллагьас тIад гьабунила нафсалда кIал кквезе.

Лъеберго кIал тIад лъеялъе сабаблъун кканилан хъвалеб буго **«Багьжатул анваралда»** нилъер кIудияв эмен Адам авараг (гIалайгьи ссалам) Алжаналда жанив вугев мехалъ Аллагьас кванaзе гьукъараб гъветIалдаса, щайтIаналъ къосинавун, кванараб пихъил асар чехьалда жаниб лъеберго къоялъ хутIанила. Тавбу къабул гьабун хадуб Аллагьас Адамида амру гьабунила, лъеберго къоялъ кIал кквеян, сардалгун цадахъ.

Дунялалъул лазат **ункъго** жоялъулъ бугин абулеб буго: **тIагIамалъулъ, гьекъеялъулъ, чIужугIданалъулъ ва кьижиялъулъ.** Гьеб ункъалъго гьабун буго Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб пардавги. Нилъер аварагасги (гIалайгьи ссалам) амру гьабуна лъеберго къоялъ кIал кквеян, умматалъе бигьалъи гьабун сардалги нахъе рехун.

**«Зубдатул мажлис»** абулеб тIехьалда хъвалеб буго, цо мажусиясда (цIадуе лагълъи гьабулев) Рамазан моцIалъ жиндирго вас вихьанила къватIив кваналев, инсуца ахIизеги ахIун васасда кьабунила, дуца Рамазан моцIалъ кIалги ккун ругел бусурбабазул адаб щай гьабулареб, абун. Заманалдаса хадуб гьев мажусияв хванила ва гьев макьилъ вихьанила цо гIалимчиясда кIудияб тахалдаги гIодов чIун Алжаналда жанив. Гьев гIалимчияс гьикъанила гьесда мун мажусияв гуревищилан, вугоян жаваб кьунила гьес, жив хвараб мехалъ жинда рагIанила тIасан ахIулеб гьаракь: **«Ва малаикзаби! Нужеца гьев чи мажусиявлъун тоге, нужеца гьев кIодо гьаве Исламалдалъун»**, бусурманавлъун гьаве, гьес Рамазан моцI кIодо гьабиялдалъун. Гьелъул хIисаб гьабуни, Рамазан моцIалъ кIалги ккун, лъикIаб гIамалги гьабун, Аллагь разияб хIалалда хьвадарав чиясе кигIан кIудияб кириха букIинеб?

Нилъер Дагъистаналдаги бусурбаби абун цIар бугел, бусурманал эбелинсул лъимал щибго Аллагьасдасаги хIинкъичIого, гIадамазукьаги нечечIого къватIахъ кваналел, хъалиян бухIулел рукIуна, яги квен гьабун къватIахъ гьеб бичун кIал кквечIезе кумек гьабулел рукIуна. КIал кквечIолъи, яги биччазе ккун биччай гьеб батIияб суал буго, гьелъухъ гьабулеб г!азабги батIияб букIуна.

КIалги кквечIого гIадамазда цевеги вахъун кIал кквечIолъи загьир гьабулев вукIин гьеб буго Исламалде данде рагъ гьаби, жиндие Ахир Къиямасеб къоялъе нугIзалги чIезе гьари, щайгурелъул, щив чиясул гьесда бер чIваниги, гьес кIал ккун гьечIолъи бихьани гьев чи тIамула Къиямасеб къоялъ гъов чияс кIал ккун букIинчIин абун нугIлъи гьабизе.

Гъоб кквечIого хутIараб кIал, бачIого хутIараб как, гьабун борчIун араб мунагь нилъеца лъиданиги лъазеги течIони, дудаги Аллагьасдаги гьоркьоб букIуна, гьединаб мунагь Аллагьас чуризеги рес буго, тIаса лъугьун тезеги бегьула. Гьеб гьабураб мунагь цоги чисда лъалеб бугони, гьов чи тIамула нугIлъи гьабизе Къиямасеб къоялъ.

Гьединлъидал, нилъеца лъачIого, яги лъан гьабураб мунагь бахчизе лъикIаб буго. Цо-цо чагIи рукIуна жидецаго гьабураб мунагь, кваналев- гьекъолев вукIанилан абун бицунев цоги живго гIадал гIолилазда, гъол чагIаца Къиямасеб къоялъ нугIлъи гьабизе букIинги лъачIого, гьел нугIлъиялъе рукIинчIелани, Аллагь тIаса лъугьинилан бугеб божилъиги хвезабун.

**Аллагьас нилъее тавфикъ кьеги Гьес тIад къараб къагIидаялда гIибадат гьабизе, кIалги кквезе, нахъидаб лъикIаб гIамалги, хасго Рамазан моцIалъ цIикIкIун гьабизе.**

**Аллагьас кинавго бусурманчиясул рухIгu Иманалда бахъаги, Аллагьас Исламалъул байрахъги борхизе гьабеги, нилъ сабаблъунги ккун, Аллагьас жиндий рокьулел лагъзадерида гъорлъанги гьареги нилъ.**

## РУЗНАМА

рекомендуемая советом алимов Муфтията РД для Гергебильского района Республики Дагестан

### АПРЕЛЬ

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:00 | 05:33 | 12:01 | 15:31 | 18:21 | 19:37 |
| 2 | 03:58 | 05:31 | 12:01 | 15:31 | 18:23 | 19:38 |
| 3 | 03:56 | 05:29 | 12:01 | 15:32 | 18:24 | 19:39 |
| 4 | 03:54 | 05:27 | 12:00 | 15:32 | 18:25 | 19:41 |
| 5 | 03:52 | 05:26 | 12:00 | 15:33 | 18:26 | 19:42 |
| 6 | 03:50 | 05:24 | 12:00 | 15:33 | 18:27 | 19:43 |
| 7 | 03:48 | 05:22 | 11:59 | 15:34 | 18:28 | 19:45 |
| 8 | 03:46 | 05:21 | 11:59 | 15:34 | 18:29 | 19:46 |
| 9 | 03:44 | 05:19 | 11:59 | 15:35 | 18:31 | 19:47 |
| 10 | 03:42 | 05:17 | 11:58 | 15:35 | 18:32 | 19:49 |
| 11 | 03:40 | 05:16 | 11:58 | 15:36 | 18:33 | 19:50 |
| 12 | 03:38 | 05:14 | 11:58 | 15:36 | 18:34 | 19:52 |
| 13 | 03:36 | 05:12 | 11:57 | 15:36 | 18:35 | 19:53 |
| 14 | 03:34 | 05:11 | 11:57 | 15:37 | 18:36 | 19:54 |
| 15 | 03:32 | 05:09 | 11:57 | 15:37 | 18:37 | 19:56 |
| 16 | 03:30 | 05:07 | 11:57 | 15:38 | 18:38 | 19:57 |
| 17 | 03:28 | 05:06 | 11:56 | 15:38 | 18:40 | 19:59 |
| 18 | 03:26 | 05:04 | 11:56 | 15:38 | 18:41 | 20:00 |
| 19 | 03:24 | 05:03 | 11:56 | 15:39 | 18:42 | 20:02 |
| 20 | 03:22 | 05:01 | 11:56 | 15:39 | 18:43 | 20:03 |
| 21 | 03:20 | 05:00 | 11:56 | 15:40 | 18:44 | 20:05 |
| 22 | 03:18 | 04:58 | 11:56 | 15:40 | 18:45 | 20:06 |
| 23 | 03:16 | 04:56 | 11:56 | 15:40 | 18:46 | 20:08 |
| 24 | 03:14 | 04:55 | 11:55 | 15:41 | 18:48 | 20:09 |
| 25 | 03:12 | 04:54 | 11:55 | 15:41 | 18:49 | 20:11 |
| 26 | 03:10 | 04:52 | 11:55 | 15:41 | 18:50 | 20:12 |
| 27 | 03:08 | 04:51 | 11:55 | 15:42 | 18:51 | 20:14 |
| 28 | 03:06 | 04:49 | 11:55 | 15:42 | 18:52 | 20:15 |
| 29 | 03:04 | 04:48 | 11:55 | 15:42 | 18:53 | 20:17 |
| 30 | 03:02 | 04:46 | 11:54 | 15:43 | 18:54 | 20:18 |

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахьула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 8 апреля 2021 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00